

A.D. Henderson University School ak FAU High School

Plan angajman paran ak fanmi yo pou lane 2019-2020

Se manm pèsònèl la ak paran yo ki te prepare plan sa ansanm epi te dakò sou li. Li reflekte objektif plan Tit I, Pati A nou an ak kwayans pèsònèl, paran ak manm kominote nou an.

Deklarasyon misyon

Henderson University School / FAU High School gen yon misyon ki divize an twa nivo: (1) pou se yon espas eksperymantral pou fòmasyon pwofesè yo; (2) pèmèt prepare pwogram etid jeneral yo; epi (3) pou kapab fè rechèch, (F.S. 228,053)

Deklarasyon vizyon:

A.D. Alexander D. Henderson University School/FAU High School (ADHUS/FAUHS) se yon bon modèl lekòl nasyonal pou sistèm lekòl yo ak pwogram preparasyon pwofesè yo ki amelyore edikasyon pou plizyè kalite elèv pa mwayen rechèch inovatif ak kourikoulòm ke pwofesè yo prepare.

Konferans Pwofesè-Paran

Konferans yo se youn nan mwayen ki pi enpòtan paran/responsab legal ak pwofesè yo travay ansanm tankou yon ekip. Konferans yo se yon mwayen enpòtan pou pataje enfòmasyon sou enterè espesyal elèv yo. Se yon bon moman tou pou diskite pwogrè akademik yo epi pou jwenn lide sou fason paran/responsab legal yo ka pi byen ede timoun yo lakay. Gen entèprèt ki disponib sou demann.

Kominikasyon lekòl

- Bilten enfòmasyon chak mwa
- Sistèm notifikasyon nan telefòn/imèl
- Sitwèb lekòl
- Aplikasyon FOCUS
- Konferans Pwofesè/Paran
- Rapò pwogrè/kanè

Dwa paran yo pou konnen

Paran/Responsab legal yo ka mande enfòmasyon sou kalifikasyon pwofesyonèl pwofesè yo ak pèsònèl la k ap travay ak timoun yo a.

Ale sou paj Pèsònèl/Pwofesè sou sitwèb nou an pou jwenn plis enfòmasyon

A.D. Henderson University School ak FAU High School

Plan angajman paran ak fanmi yo pou lane 2019-2020

Aktivite lekòl chak ane

- Rankontre ak pwofesè a (Meet the Teacher)
- Ekspozisyon liv
- Sware pòt louvri/kourikoulòm
- Oryantasyon pou nouvo fanmi yo
- Konvèsasyon direktè/paran kote gen kafe ki sèvi
- Sware enfòmasyonèl chak ane sou fanmi
 - Rezime pwogram Tit I an
 - Pataje enfòmasyon sou fason pou w enplike nan aktivite lekòl la patwone.
 - Konprann dwa paran yo pou konnen

Òganizasyon Pwofesè/Paran nan A. D. Henderson and FAU High

Òganizasyon Pwofesè/Paran (PTO) se yon gwoup moun ki enplike anpil ki travay men nan men avèk pwofesè yo ak pèsònèl la nan avantaj elèv nou yo. Paran, responsab legal, manm fanmi granmoun, pwofesè, pèsònèl ak manm kominote a ka antre nan PTO a!

PTO a rankontre kat fwa nan yon ane: Septanm, oktòb, janvye ak me Pou w antre nan PTO a epi ede maksimize enpak eksperyans edikatif la, ale sou <https://www.myvlink.org/adhuspto/>. PTO patwone aktivite annapre yo.

Aktivite elèv ak fanmi

- Aktivite nan dèyè machin pou foutbòl Ameriken FAU
- Sware STEM
- Halloween Howl
- Fèt aksyon degreas
- Sware fim
- Espektak talan
- Jounen sou teren
- Dans lekòl
- Dejene pou fèt manman ak fèt papa

Levedefon

- Box Tops
- Rainbow Run
- Vant ozanchè
- Spirit Store

Sipò pou pwofesè ak pèsònèl

- Bon retou pou pwofesè
- Jounen administratè
- Dejene jounen devlopman pwofesyonèl
- Semèn apresyasyon pwofesè

A.D. Henderson University School ak FAU High School Plan angajman paran ak fanmi yo pou lane 2019-2020

Enfòmasyon pou Paran ak Sant Resous

Se Depatman Edikasyon nan Etazini ki te etabli Enfòmasyon pou Paran ak Sant Resous (Parental Information and Resource Centers, PIRC) nan ane 1995 pou bay paran/responsab legal, lekòl ak òganizasyon yo enfòmasyon sou fòmasyon ak asistans teknik pou konprann fason timoun yo devlope epi sa yo bezwen pou reyisi nan lekòl.

Florid gen 2 PIRC. Objektif tou de ajans yo se pou ogmante patenarya ant lakay ak lekòl pou ka ogmante reyisit elèv la.

1. Rezo Fanmi sou Andikap nan Florid (Family Network on Disabilities of Florida, FND) www.fndfl.org/projects/pic/index.asp
2. Lyen sou patisipasyon paran <http://www.fldoe.org/schools/family-communicity/family-involvement-links.stml>